


# Нобэ хуэдэу, мазаем и 3-м

**Илъэс 98-рэ ипэкIэ, 1924 гъэм мазаем и 3-м, дунейм къытехьащ нобэрей «Адыгэ псалъэр» къызытехъукIыжауэ къалъытэ «Къэрэхьэлъкъ» газетым и япэ номерыр.**

СОВЕТ властыр къэунэхуа иужькIэ щIэныгъэм кууэ зезыта адыгэхэм, дауи, яIэн хуейт а зэманым мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ большевикхэм зрату щыта газетхэр. 1921 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 1-м къыдэкIыу щIэздза «Красная Кабарда»-м къалэнышхуэ зэфIигъэкIырт гъащIэщIэр цIыхухэм яхипщэн, абы и мыхьэнэр къагуригъэIуэн папщIэ. АрщхьэкIэ ар зэрытрадзэр, нэхъыбэм, урысыбзэти, къытехуэ тхыгъэхэм зыщагъэгъуэзэн папщIэ зэдзэкIакIуэхэр къалъыхъуэн хуейт къурт. Пэжщ, абы адыгэ редакцэ иIэт, адыгэбзэкIэ тхахэм ущрихьэлIэрт. Ауэ ахэр бгъэхьэзырыну Iуэху тыншт хьэм, ди лъэпкъым и тхыбзэр зэрыщытыныр властыщIэм иджыри зэримыубзыхуам къыхэкIыу. ЦIыхукIэр нэхъ хьэлъэж ищIырт ди япэ итахэм яшыщу процентIым нэблагъэм фIэкIа щIэныгъэ зэрабгъэдэмылъам, абыхэм я нэхъыбэр дин лэжьакIуэхэу. ЦIыхубэм тхэкIэрэ еджэкIэрэ зрагъэщIэн щIадза къудейт. Арати, адыгэбзэкIэ ягъэхьэзыр тхыгъэ закъуэтIакъуэр зэратхыр хьэрып хьэрфхэмкIэт, КъурIэн еджэфхэм зыщагъэгъуэзэфын хуэдэу.

ЦIыхухэр хуейт гъащIэщIэм теува къэралым къыщыхъухэр я анэдэлъхубзэмкIэ зрагъэщIэну, абы щыщ зы Iыхьэ хъуну. ХэкIыпIэу а лъэхъэнэм щыIэр газетым и закъуэт, радиом иджыри зэрызимыуужьам къыхэкIыу. Ар адыгэбзэкIэ нэхъыбэрэ «къэгъэпсэлъэн» хуейт. А къалэн мытыншыр къащехъулIар 1924 гъэм и пэщIэдзэращ, абы теухуа унафэр нэхъ пасэу щыIа пэтми.

Адыгэ газетым и къыдэгъэкIыныр нэхъ псынщIэу икIи тыншу зэфIэкIынут Дым Iэдэмрэ ЦIагъуэ Нурийрэ 1913 гъэм зэхалъхьа алыфбейр къагъэсэбэпатэмэ. Абы тету 1917 гъэм и кIэухым дунейм къытехьакIэт ди щIыпIэм къыщыдэкIа «Адыгэ макъ» япэ лъэпкъ газетыр. Нэхъ пасэжу, 1911 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2-м, ЦIагъуэр яхэтат Тыркум япэ дыдэу ди бзэкIэ «Гъуазэ» газетыр щызэхэзыублахэм - аращ адыгэ газетхэм я къежьапIэу къэлъытэн хуейри. ЦIагъуэмрэ Дымымрэ я алыфбейр къыщIамыщтам политикэ щхьэусыгъуэт иIэр - муслъымэн диныр, адрейхэми хуэдэу, зыгъэкIуэдыжыну мурад быдэ зыщIа большевикхэм ягу техуэнутэкъым абы и фэр зраплъ хьэрып хьэрфхэр тхыбзэщIэ зээзыгъэгъуэт лъэпкъым тегъэщIапIэ ищIу.

Апхуэдэу щыхъум, ди щIыпIэм кърагъэблэгъащ урыс лингвист цIэрыIуэ Яковлев Николай. 1920 гъэм къыщыщIэдзауэ абы щIэх-щIэхыурэ къызэригъэпэщырт Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я бзэр зыдж экспедицэхэр. ИужькIэ, 1924 гъэм, къэралым щIэныгъэ щегъэгъуэтынымкIэ наркоматым (иджырей министерствэхэм хуэдэм) къыщызэригъэпэщат кавказыбзэхэм я тхыбзэм елэжь комитет щхьэхуэ икIи и унафэщIу щытащ 1937 гъэ пщIондэ къэгъуэгурыкIуа алфавитыщIэр зэхэзылъхьа комиссэм.

Латин хьэрфхэр зи лъабжьэ алыфбей адыгэхэм тхузэхалъхьэнымкIэ Яковлевым къигъэсэбэпащ Хъуран Батий, Борыкъуей ТIутIэ, ЦIагъуэ Нурий, ЩэрылIокъуэ Талъостэн, Елбэрд Хьэсэн сымэ, нэгъуэщI ди щIэныгъэлIхэм я зэфIэкIыр. 1923 гъэм ирихьэлIэу ар хьэзыр хъуащ икIи цIыхубэм зыхагъэгъуэзэн папщIэ «Красная Кабарда» газетым къытрадзащ.

Латин хьэрфхэр зи лъабжьэ тхыбзэ диIэ зэрыхъуар щIэгъэкъуэн лъэщ хуэхъуащ ди щIыпIэм къыщыдэкI газетым нэхъыбэрэ адыгэ тхыгъэхэр къытехуэным. Сыти жыIи, хьэрып хьэрфу типографием иIэхэр апхуэдизу мащIэти, къыдэкIыгъуэ къэс тхыгъэ кIэщI зыщыплI фIэкIа нэхъапэм традзэфыртэкъым.

1924 гъэм мазаем и 1-м къыдэкIащ «Красная Кабарда» зи фIэщыгъэ газетым и иужьрей номерыр. МахуитI дэкIри, мазаем и 3-м, дунейм къытехьащ «Къэрэхьэлъкъыр», адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ къытехуэ тхыгъэхэр щызэхуэдэр. Абы и тиражыр минитI хъурт, арщхьэкIэ мазэм тIэу фIэкIа къыдэкIыфыртэкъым - яхурикъуртэкъым тхыгъэхэр зыгъэхьэзырыныхэмрэ къэзыщIыныхэмрэ.

«Къэрэхьэлъкъыр» хъыбарегъащIэ, ущиякIуэ, гъэсакIуэ къудейтэкъым. АбыкIэ ди лъэпкъэгъу куэдым зрагъэщIащ тхэкIэрэ еджэкIэрэ: цIыхухэр гупу зэхуэсурэ газетым къеджэрт, итхэм тепсэлъыхьыжырт, езыхэми я хъыбар редакцэм Iэрагъэхьэрт. ТхылъхэрщIымащIэ лъэхъэнэм ар хэкIыпIэфIт.

1925 гъэм и бадзэуэгъуэ (июль) мазэм ирихьэлIэу «Къэрэхьэлъкъым» бзиплIкIэ къыдэкI хъуащ. Адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ гъусэ яхуэхъуащ балъкъэрыбзэмрэ Налшык куэду щыпсэу бгырыс журтхэм я бзэмрэ. Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и лъабжьэ быдэу увауэ газетыр.

ИлъэсиблкIэ а щIыкIэм тетащ «Къэрэхьэлъкъыр». 1931 гъэм и мазаем (латин хьэрфхэр кириллицэкIэ яхъуэжа иужькIэ) абы къытепщIыкIыжащ адыгэбзэ защIэкIэ щхьэхуэу къыдэкIыу хуежьа «Ленин гъуэгур». Апхуэдэ дыдэ Iэмал ягъуэтащ балъкъэрхэми - «Ленинчи жол», урысхэмрэ адрей лъэпкъхэмри - «Ленинский путь».

Нобэ илъэс 98-рэ ирокъу «Къэрэхьэлъкъ» газетыр дунейм къызэрытехьэрэ. Абы тхыдэ къулей икIи хьэлэмэт зэриIэм шэч хэлъкъым: къэбэрдей адыгэхэми республикэми я гъащIэм а лъэхъэнэм къыщыхъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр и напэкIуэцIхэм нэсу къыщыгъэлъэгъуащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ахэр джыжыным, щIэныгъэр и лъабжьэу зэфIэгъэувэжыным иужь ихьа щIагъуэ щыIэкъым. Илъэс зыбжанэкIэ, куэдрэ дыщIэлъэIуа, зэрыIэмалыншэр къагурыдгъэIуа иужькIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым 2010 гъэм къыщызэIуедгъэха журналистикэмкIэ къудамэр хуэм-хуэмурэ «погъукIыжыпэ», и къалэнхэр хуэмыгъэзэщIауэ, иужь илъэситIым бюджет тIысыпIэхэр зэрыхухамыхым къыхэкIыу. ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм щылэжьэн закъуэтIакъуэ фIэкIа тхуамыгъэхьэзырыфам къиищынэмыщIауэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэр ди щIыпIэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм, радиом, телевиденэм нэсу абы щытраухуэфакъым, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу. Мы IуэхумкIэ щапхъэ яхуэхъуфынут Осетие Ищхъэрэ къэрал университетыр. Илъэс зыбжанэ хъуауэ, абы езым я журналистхэр ягъэхьэзырыж, факультет щхьэхуэрэ кафедрэ зыбжанэрэ яIэжу. Дауи, IэщIагъэлI хъарзынэхэр къыщIагъэкIым къиищынэмыщIауэ, я журналистикэм и тхыдэри кууэ яджыж, диплом, кандидат лэжьыгъэхэр студентхэмрэ аспирантхэмрэ ирагъэтхыурэ.

А псори, жагъуэ зэрыхъущи, къытщIэхъуэ щIэблэм дэ къахудогъанэ, зыхэIэбэнрэ къызыхахынрэ щIагъуэу ямыIэу. Нобэ зумыгъэзэхуар, къыумыхутар пщэдей гъуэтыжыгъуей мэхъу. Абы и щыхьэтщ ди республикэм къыщыдэкI газетхэм я тхыдэм нэхъ кууэ зыщызгъэгъуэзэн мурадкIэ я япэ къыдэкIыгъуэхэр къикI щымыIэу къызэрыслъыхъуар. Мэзкуу къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетыр къыщызухым, 1986 - 1987 гъэхэм «Къэрэхьэлъкъым» и къежьапIэм тезухуа диплом лэжьыгъэр щыстхым, Крупскэм и цIэр зезыхьэ Республикэ библиотекэм (иджы Мэлбахъуэм и цIэр зыфIаща Лъэпкъ библиотекэм) абы и къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэр слайдхэм тетхауэ нэхъ мыхъуми къыщызгъуэтри, зыщызгъэгъуэзауэ щытащ. Иджы а слайдхэм узэреплъын Iэмэпсымэхэри щыIэжкъым икIи 1929 гъэ пщIондэ къыдэкIа «Къэрэхьэлъкъым» дыпыкIыпащ. ЩыIэкъым ахэр «Адыгэ псалъэм» и редакцэми. Иджы дыщолъыхъуэ къэралым и газет гъэтIылъыпIэ нэхъыщхьэхэм. Хэт ищIэн, ди насып къикIынкIи хъунщ?! Абы къыхэкIыу щIэджыкIакIуэхэм захуэдгъэзэну дыхуейт: ди газетым и тхыдэм теухуауэ хэт сыт щыгъуазэми фыкъыддэгуашэ. Дэ ахэр гулъытэншэ тщIынукъым икIи дызыхуэкIуэ 2024 гъэм щыIэну адыгэ газетым и илъэсищэ юбилейм ирихьэлIэу дгъэхьэзыр тхыгъэ куэдым къадэкIуэу къытеддзэнущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# «Альтаир» щIалэгъуалэ проектыр зэпыуркъым

**Лъахэхутэм ехьэлIауэ къызэрагъэпэщу «Альтаир» зыфIаща щIалэгъуалэ проектым пщэрылъ зыщищIыжа Iуэхухэр нэхъри щIегъэхуабжьэ, жэрдэм нэхъыбэ къыхелъхьэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, егъэджэныгъэ-узэщIакIуэ къалэнхэр къэзыщта а Iуэхугъуэр «Урысей географие зэгухьэныгъэм» иригъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIауэ щытащ, и грантри къихьащ. Проектым къиубыд унэтIыныгъэхэр зыгъэзэщIэнур «Урысей географие зэгухьэныгъэм» хэт «Альтаир» щIалэгъуалэ хасэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ «Ухуэныгъэ» зи фIэщыгъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэт.**

ПРОЕКТЫМ ипкъ иткIэ, еджакIуэхэм, студентхэм, волонтерхэм къыхаша щIалэгъуалэ гупым къызэригъэпэща щIымахуэ зекIуэм и гъуэгур Налшык къалэ и Iэгъуэблагъэм ит щIыпIэ нэхъ лъагэ дыдэрщ - Нартеибгырщ. ЗэрытщIэщи, абы и лъагагъыр метр 999-рэ.

Хэкум и хъумакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу Шаухун щхьэдэхыпIэм кIуэну ныбжьыщIэхэм я хэдэрыхэшу къэплъытэ хъунущ мы зекIуэр. «Альтаир» гупым къыхыхьагъащIэ щIалэгъуалэм я къарур абы щагъэунэхуащ, я зэфIэкIхэм щеплъыжыну Iэмал яIащ. Гъуэгум техьахэм я пашэу щытар дунейпсо классыр зиIэ къегъэлакIуэ, Эверест и щыгур къэзыгъэIурыщIа Аккаев Азнаурщ.

ЗекIуэм хэтахэм Мэзыкъуэ («Лесистый перевал») зыщаплъыхьащ, щIыпIэ зэгъуэкIым щыIэр къыщыптехъуэкIэ, зызэрыпхъумэжыну Iэмалхэм зыщагъэгъуэзащ, уэсылъэм ухэту узэрыпщэфIэнумрэ мафIэ зэрыпщIынумрэ зыхуагъэсащ.

«Альтаир» щIалэгъуалэ хасэм и унафэщI Мокаев Тенджыз зэрыжиIэмкIэ, Налшык и Iэгъуэблагъэм зыкъезышэкI Мэзыкъуэм и щIыпIэхэм къыщыпкIухьыныр, зыщуплъыхьыныр нэгузегъэужь Iуэхуу зэрыщытым и мызакъуэу, узыншагъэр хъумэнымкIэ, щIыуэпсыр зыхуэдэр зэбгъэщIэнымкIэ, бгылъэрызекIуэхэм я къэухьым хэгъэхъуэнымкIэ нэгъэсауэ щIэныгъэ хэхыпIэ ирокъу. Нартеибгыр Налшык километритхукIэ пэжыжьэщ, ауэ абы и щыгум утету езы къалэри, Къуэшыркъуеи (Кэнжэ), ЩауапцIеи (Хьэсэней), ПсыкIэхуи (Белая Речкэ) хуиту болъагъу, Къуршытхми («Скалистый хребет»), Безенги джабэми («Безенгиевская стена»), Къызбэчыбгми («Казбек») унэплъысыну Iэмал щыIэщ. Нартей Iуащхьэбгым уикIыу Зеикъуэшхуэ («Большая Кизиловка») щыгум укIуэфынущ. Нартеибгым нэс удэкIыу укъэкIуэжыным километрипщI гъуэгуанэ дэлъщ, умыпIащIэурэ, хуэмурэ укIуэмэ, сыхьэти 4 - 5-кIэ пхуэкIунущ. Илъэсищ ипэкIэ узэIэбэкIыжмэ, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэмрэ щIалэгъуалэ гупымрэ гъуэгум хуиту ущызекIуэн папщIэ ягъэкъэбзауэ, гъуазэхэр ягъэувауэ щытащ, а лъэс гъуэгуми къэралпсо мыхьэнэ игъуэтащ.

Зеикъуэшхуэми, Зеикъуэ цIыкIуми, Нартей Iуащхьэбгми гуэх имыIэу епхащ Налшык-Орджоникидзе операцэр. Ди щIыналъэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэха зэрыхъуным хуэгъэпса а зауэхуэщIэ операцэм ипкъ иткIэ 1942 гъэм и бжьыхьэм Нартеибг щыгум советыдзэм и плъырыпIэ трагъэувауэ щытащ. Абы пIалъэкIэ икIуэт 37-нэ дзэм и щIыбагъыр ихъумэну и къалэнт. ЛIыгъэ яхэлъу плъырыпIэм тетахэр бийм пэщIэтащ, я псэри абдеж щатащ - Iуащхьэбгым и щыгур нэмыцэм яIэщIыхьауэ щытат... Зауэ нэужь илъэсхэм щIыпIищри зыплъыхьакIуэхэм я кIуапIэ хъуат, абдеж советыдзэми нэмыцэдзэми щрагъэкIа шэ уэжахэр саугъэту щызэщIащыпэу щытащ.

«Совет илъэсхэм Нартей Iуащхьэбгым и щыгум щIэупщIэшхуэ иIэу, цIыху зэхэзекIуапIэу щытами, 1990 гъэхэм и кIэхэм абы хуэкIуэ гъуэгур бгынэжа хъуащ. АпхуэдизкIэ къуацэрэ чыцэу зэхэкIэжати, ухэгъуэщыхьыныр зыхуэIуа щыIэтэкъым. Иужьрей илъэсхэращ щIыпIэм и пщIэр къыщыдахыж, тхыдэ мыхьэнэуэ иIэр иратыж щыхъуар. Дыщогугъ дяпэкIи щIалэгъуалэ нэхъыбэ абыкIэ къеплъэкIыну, мы щIыналъэм и пщIэри апхуэдэ щIыкIэкIэ къэтIэтыжыну», - жеIэ Мокаев Тенджыз.

**ШУРДЫМ Динэ.**



# Iуэху дахэкIэ гъэнщIа гъащIэ

**2021 гъэм «Фрегат» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Кавказым и цIыху цIэрыIуэхэр» тхылъым ихуахэм язщ КъШР-м щыщ Уэз (ЩIакIуэ) Рэбихьэт Билал и пхъум теухуа тхыгъэр.**



НОБЭ ди щIэджыкIакIуэхэм къедгъэцIыхуну ди гуапэ бзылъхугъэр къыщалъхуар Къэрэшей-Шэрджэсырщ. Дэтхэнэ цIыху цIэрыIуэми и щIыбагъым ар фIыуэ къэзылъагъу псэ къабзэ гуэр къыдэтщ жаIэ. Езыри пщIэрэ щхьэрэ зиIэ къулыкъущIэу щыта пэтми, и къару илъыгъуэм экономист IэщIагъэм и гуащIэр тезыухуа Рэбихьэт цIыхухэм я гум къызэринар Къэрэшей-Шэрджэсым и премьер-министру лэжьа и щхьэгъусэ Уэз Анатолэ диухуа унагъуэ дахэм къыщыхъуа и бынхэмрэ абыхэм къащIэхъуа къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ я ехъулIэныгъэхэмкIэщ. Гу щабэхэр нэхъапэ дунейм йохыж жаIэ. Бзылъхугъэ Iущым унагъуэм кърина, жылэм къахина гукъэкIыжхэм иджы езым и цIэр махуэ къэс нэхъ лъагэу еIэт.

Я адэ-анэм хаша гъуэгуанэрщ нобэ зрикIуэр Уэз Анатолэрэ Рэбихьэтрэ я къуэ Аслъэни, япхъухэу ФатIимэрэ Мадинэри, абыхэм я бынхэри. Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Уэз Аслъэн къыхихар и анэм и IэщIагъэрщ. Зэман дэкIри, Аслъэни, и адэм ещхьу, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщI къулыкъур къыхуагъэфэщащ. Адыгэм и блэкIар къызыфIэIуэхухэм зэхамыхынкIэ Iэмал иIэкъым тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Уэз ФатIимэ и цIэр. Илъэс куэдкIэ гу дохутыру лэжьа Мадинэ дызэрыт зэманым УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым КъШР-м щиIэ къудамэм и унафэщIщ.

Ди хъыбарыр зытеухуа езы Рэбихьэт КъШР-м и Хьэбэз районым хыхьэ Хьэбэз къуажэм 1942 гъэм дунейм къыщытехьащ. ЩIакIуэ Билал и унагъуэм къихъуа сабий ещанэр и анэм и лъэныкъуэкIэ екIуэлIэжырт Кавказ Ищхъэрэм XIX - XX лIэщIыгъуэхэм я зэпылъыпIэм щыцIэрыIуэу щыта дин лэжьакIуэ Къардэн Умар. ЦIыхубэм ар къызэрацIыхур «Хьэж-Дадэ», «Умархьэжы» цIэхэмкIэщ. Умар бгъэдэлъа дин щIэныгъэм и кууагъым теухуауэ хъыбар куэд жаIэж, далъэгъуамрэ къыжьэдэкIауэ зэIэпахыжымрэ тхыдэ щхьэхуэ иIэщ. ЩIэныгъэ нэгъэса зыбгъэдэлъа апхуэдэ цIыхухэращ иужькIэ лъэпкъ хьэлыр яIэщIэмыхуу совет зэманым декIуэкIыфа адыгэ интеллигенцэр къызыхэкIахэр.

Пасэу фIэкIуэда адэ-анэм я лъагъуныгъэм хуэчэм пэтми, Рэбихьэт хъыджэбзыфI зыщIын гулъытэм благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ щагъэщIакъым. Адыгэ хабзэмрэ дин щIэныгъэмрэ зыр адрейм къыкIэрымыхуу къыхапщащ хъыджэбз цIыкIум. Ардыдэр къыхощ езым и щIэблэм я цIыху хэтыкIэм. Абы езы Рэбихьэт Iэмал къритащ и щхьэкIэ зыхущыщIа адэ-анэ хуабагъыр и бынхэм тIуащIэщащIэу ятригуэшэжыну.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм къыхэтэджыкIа сабийхэм щIэныгъэм я гур етауэ къэхъуащ. Ставрополь дэт кооператив техникумыр къиуха нэужь, Рэбихьэт Мэзкуу дэт кооперативнэ институтым щIэтIысхьэжри, щалъхуа районым игъэзэжащ, зы IэнатIэм адрейр къыкIэлъыкIуэу, товароведу, экономисту, Хьэбэз районым и райпом и унафэщIу лэжьащ. IэнатIэм пэрытыху зэи тхылъыр игъэтIылъакъым хужыпIэмэ, узэрыщымыуэнум и щыхьэтщ Рэбихьэт и бынитI - Аслъэнрэ ФатIимэрэ - щIэныгъэхэм я доктор зэрыхъуар.

Рэбихьэт и цIэр куэдрэ ягу къагъэкIыж бзылъхугъэ хьэлэлым и мылъку зытригъэкIуэдэрейуэ щыта цIыхухэм, псом хуэмыдэу Iэбу Хьэнифэ и цIэр зэрихьэу Черкесск дэт ислъам институтым. Адыгэбзэр и щIасэу, лъэпкъ Iущыгъэр и Iэпэгъуу дунейм тета Рэбихьэт илъэс 78-кIэ псэуати, а илъэсхэр цIыхугъэрэ щIэныгъэкIэ, гумащIагъэрэ дахагъэкIэ гъэнщIауэ зэрыщытар цIыхухэм я гум къинащ.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### ЦIыхухэм ират ахъшэхэм хохъуэ

**УФ-м и закон зыбжанэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм къару ягъуэтащ мазаем и 1-м къыщыщIэдзауэ. Я нэхъыбапIэкIэ ахэр ехьэлIащ къэралым цIыхухэм зэрызащIигъакъуэ ахъшэхэм, пенсэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэгъэхъуэным.**

КЪАПЩТЭМЭ, мылэжьэж пенсионерхэм ират ахъшэм процентI 8,6-кIэ хагъэхъуащ мы гъэм къыщыщIэдзауэ - УФ-м и Президент Путин Владимир пщэрылъ зэращищIам ипкъ иткIэ, абыхэм хущIагъуащ 2021 гъэм инфляцэр зыхуэдизам нэхърэ нэхъыбэ. Ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм, зеиншэхэм хуагъэува пенсэхэми, нэгъуэщI щхьэусыгъуэкIэ ятхэми апхуэдизкIэ хухагъэхъуэнущ.

Унафэм тету, апхуэдэуи нэхъыбэ ящIащ лэжьакIуэм пенсэ щыхуагъэувкIэ лъабжьэу къащтэ коэффициентри. Мы гъэм ар соми 107-кIэ, 2023 гъэм - соми 113-рэ, 2024 гъэм - соми 119-рэ хъунущ.

Мы мазэм къыщыщIэдзауэ нэхъыбэ мэхъу анэм хуагъэувауэ 2007 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ ят мылъкури.

Къэралым мазэ къэс пенсэ нэхъыбэ зритхэм ящыщщ Совет Союзымрэ Урысеймрэ я ЛIыхъужьхэр. Абыхэм я ахъшэхэм хэпщIыкIыу хухагъэхъуащ - сом мин 75-рэ иратынущ мазаем къыщыщIэдзауэ.

### Дыщэу гъэтIылъыгъэ нэхъыбэ зиIэхэр

**Дэтхэнэ къэралми и дыщэ гъэтIылъыгъэхэр щехъумэ и банк нэхъыщхьэм.**

ХЪУМАПIЭХЭМ щIэлъ дыщэ гъэжахэм куэд щелъытащ мы дунейм. Абыхэм къэралхэм Iэмал ират я мылъкур IэнатIэхэм тэмэму тегуэша хъунымкIэ, лъэпкъ валютэр зэпIэзэрыту лэжьэнымкIэ, кризисым къыдэкIуэ гугъуехьхэм япэщIэтынымкIэ, апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI къалэнхэри ягъэзащIэ. ДыщэмкIэ Дунейпсо Советым къызэритымкIэ, къыщIахыу ягъэкъэбзауэ къэралхэм яIэ дыщэ гъэтIылъыгъэхэр дунейм тонн мин 35,571-рэ щохъу. Къэрал 40-м апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэу яIэр зыхуэдизырщ къалъытар.

Мы гъэм и щIышылэм ирихьэлIэу къата бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, дыщэ къабзэу иIэмкIэ бжьыпэр иIыгъщ США-м - абы тонн 8133,5-рэ иригъэтхащ. ЕтIуанэ увыпIэм щытщ Германиер - тонн 3359,1-рэ и гъэтIылъыгъэщ.

Къэрал псори, хуей хъумэ, щIыхуэ къаритынкIэ зыщыгугъ Дунейпсо Ахъшэ Фондыр ещанэ увыпIэм щыту аращ - тонн 2814-рэ иIэу аращ абы. АдэкIэ къызэкIэлъокIуэ Италиер, Франджыр, Урысейр. Ди къэралым тонн 2298,5-рэ иIэщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ дунейпсо сату зэпыщIэныгъэхэм дыщэм сыт зэмани мыхьэнэшхуэ щиIэу, къэралхэми цIыху щхьэхуэхэми я сатум и уасэр абыкIэ ягъэуву зэрыщытар. 1821 гъэм къыщыщIэдзауэ 1914 гъэ пщIондэ дунейм щытепщэу щытащ «дыщэ мардэр». Абы и лъабжьэр сату зэращIым и пщIэр дыщэм къыхэщIыкIа ахъшэкIэ къэлъытэнырт. Илъэсищэм нэблагъэкIэ дыщэр ахъшэ ящIащ икIи ар дэнэ къэрали ипши къипши хъурт, зы хабзи абы пэрыуэртэкъым, тхылъымпIэ ахъшэхэр хуиту дыщэ ахъшэ жьгъейкIэ къахъуэжырт.

**Мазаем и 3, *махуэку***

✦**1966 гъэм** «Мазэ-9» совет станцыр дунейм щыяпэу Мазэм щетIысэхащ. Ар ягъэлъэтат 1966 гъэм щIышылэм и 31-м. Аращ Мазэм и щхьэфэм япэу сурэт тезыхыу ЩIым къезыгъэхьауэ щытари.

✦**1924 гъэм** «Красная Кабарда» газетым и цIэр «Къэрэхьэлъкъ» жиIэу зэрахъуэкIащ.

✦**1931 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэу щыта, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Хьэждал**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Мазаем и 4, *мэрем***

✦**Лыщх узыфэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

✦**1945 гъэм** щIидзащ Кърым (Ялтэ) конференцым. Абы хэтащ СССР-м, США-м, Инджылызым я къэрал унафэщIхэу Сталин Иосиф, Рузвельт Франклин, Черчилль Уинстон сымэ. Аращ щаубзыхуауэ щытар Европэр илъэс куэдкIэ зытета геополитикэ щытыкIэр.

✦**1932 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Белгъэрокъуэ Евгение**.

✦**1939 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэлбахъуэ Елбэрд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

# Къалэнхэр яубзыху

**ХьэтIохъущыкъуей, Псыхъурей, Къулъкъужын Ищхъэрэ, Ислъэмей, Кыщпэк къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм къапщытэжащ 2021 гъэм къриубыдэу я щIыпIэ самоуправленэхэм я IэнатIэхэм щахузэфIэкIар.**

СЕССИЕМ хэтащ депутатхэр, администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, IуэхущIапIэхэмрэ къэрал IэнатIэхэмрэ я унафэщIхэр, къуажэ псэукIэр ефIэкIуэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI цIыху щхьэхуэхэр, район къулыкъущIэхэр.

ЩIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр къытеувыIащ щIыналъэхэр зыхуей зэрыхуагъэзам, бюджетым къыхэкIа мылъкур, нэгъуэщI ахъшэхэр къызэрагъэсэбэпам ехьэлIа Iуэхугъуэхэм, нэгъабэ яхузэфIэкIамрэ дызытехьа илъэсым ящIэн хуейуэ къапэщылъхэмрэ.

ЗэIущIэм щыжаIащ щIыналъэхэр зыхуей хуэгъэзэным епха пщэрылъхэм къуажэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр тэмэму зэрыпэлъэщар. Псалъэм и хьэтыркIэ, гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным, унэ зыбжанэ зыхуей хуэгъэзэным, жылэхэм къедзылIа щIыпIэхэр гъэкъэбзэным, къуажэдэсхэм я лъэIухэм хэплъэным теухуауэ илъэс кIуам лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ.

Депутатхэм къыхагъэщащ щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я лэжьыгъэм арэзы укъищIу къызэралъытэр. Къуажэдэсхэм ябзыщIакъым мыпхуэдэ зэIущIэхэр къалэнхэр, ахэр зэфIэха зэрыхъунур убзыхунымкIэ зэрыщхьэпэр.



**ЧЫЛАР Аринэ**,
*Бахъсэн район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**
**Бзаджэр чэнджэщэгъу умыщI.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

## Фыдгъэпсэунукъым, фызыхуэсакъыжуи ддэнукъым



**Политикэм епха хъыбар псори иужьрей зэманым зэкIуэлIэжыр зы упщIэщ: «Урысейр Украинэм теуэну?» ЦIыху цIыкIур зауэм къргъэлын мурад фIэкIа, нэгъуэщI Iуэху зезымыхуэ хуэдэу зыкъэзыгъэлъагъуэ США-м и гупыжкIэ, щIышылэм и 21-м Женевэ щызэхуэзащ УФ-м нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ и министр Лавров Сергейрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я къэрал секретарь Блинкен Энтонирэ.**

ЛАВРОВ Сергей къытригъазэурэ жеIэ Украинэм теуэну Урысейм зэрызимыгъэхьэзырыр, ауэ США-м и унафэм щIэт НАТО-м и ракетэхэр ди гъунэгъу къэралхэм къызэрыригуашэр имылъагъуууи фэ зэрызытримыгъэуэфынур. Урысейм Америкэм пиубыдыр зы псалъэухам йохуэ: «НАТО зэгухьэныгъэм къуэкIыпIэмкIэ зевмыгъэубгъу».

Сыт къикIыр «НАТО-м зевмыгъэубгъу» жиIэмэ? 1949 гъэм СССР-м зыщахъумэн папщIэ къызэрагъэпэщауэ щыта НАТО зэгухьэныгъэм дызэрыт зэманым къэрал 30 хохьэ. США-м и жыжьэрыуэ ракетэхэр нобэкIэ Румыниемрэ Болгариемрэ итщ. А къэралитIыр Урысейм къыщыпэгъунэгъукIэ, езыхэри НАТО-м щыхэткIэ, гурыIуэгъуэщ я ракетэхэри УФ-м къытегъэпсауэ зэрыщытыр. Урысейм США-м хуимыдэ Iуэхухэм язщ зэгухьэныгъэм Украинэмрэ Грузиемри хигъэхьэну зэрызигъэхьэзырыр. Сыт гъэщIэгъуэну хэлъыр уи гъунапкъэхэм къыбгъурыт къэралхэм зигу фIы къыпхуимылъ бийм и Iэщэр кърeбгъэгъэувэну умыдэным?!

Езы США-м УФ-мрэ Белоруссиемрэ къытракъузэ Украинэм пэгъунэгъу я гъунапкъэхэм деж Iэщэр щагъэунэху, сэлэтхэр щагъасэ лэжьыгъэхэр щрамыгъэкIуэкIыну. «Фыдгъэпсэунукъым, ауэ зыфхъумэжынуи хуит фытщIыркъым», - жаIэм ещхьщ Урысейм гукъанэ къыхуэзыщIхэм. США-м апхуэдэуи фIэгъэнапIэ ещI Украинэм езы къэралым и унафэм щIэмыту ит Донецк, Луганск областхэм щызэрагъэпэща республикэхэм УФ-р къазэрыщхьэщыжыр, Къырымыр Урысейм къызэрыхагъэхьэжар.

КъэралитIыр зэгурыIуэныгъэ гуэрым хуэкIуэн папщIэ, Лавров Сергейрэ Блинкен Энтонирэ Женевэ щызэхуэзащ. ИджыпстукIэ ахэр унафэ гуэрми хуэкIуауэ щыткъым, ауэ Урысейм хэкIыпIэу къилъытэхэм США-р къыщыпэджэжа тхыгъэр щIышылэм и 27-м Урысейм къыIэрыхьакIэщ. Абы тепсэлъыхькIэрэ, Лавров Сергей жиIащ Америкэм упщIэ нэхъыщхьэм - НАТО-м къуэкIыпIэмкIэ зимыубгъуным - иджыри жэуап къызэрыримытыр. «Дызэрыт зэманым Мэзкуу йогупсыс Вашингтон къригъэха жэуапыр къызэрыбгурыIуэн хуей щIыкIэм», - жиIащ министрым.

УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и советым и унафэщI Медведев Дмитрий ита пресс-конференцым наIуэ къыщищIащ къэралым и Iуэху еплъыкIэр. «Зыри зауэм хущIэкъуркъым, - жиIащ Медведевым. - Псори зытеухуауэ щытын хуейр ар къэмыгъэхъунырщ, Урысеймрэ НАТО-мрэ щIызэпэщIэувэнкIэ хъуну щхьэусыгъуэхэр зэтремыгъэхьэнырщ».

Медведевыр тепсэлъыхьащ Украинэм ищIэхэр къазэрыщыхъуми: «Украинэр НАТО-м хэмыхьэу щытми, и щIыналъэм ракетэхэр иригъэувэну хуитыныгъэ къезыт зэгурыIуэныгъэ къелъыхъуэ. НАТО-мрэ США-мрэ я джэгупIэ зригъэщIауэ, Урысеймрэ Китаймрэ зэрыхагъэзыхьын Iэмэпсымэу закърегъэгъэсэбэп».

Нэрылъагъум нэхъ кууэ хэплъэхэм къазэрыфIэщIымкIэ, иджыпсту екIуэкIыр зы Iуэхущ: СССР-р лъэлъэжа нэужь, Урысейр илъэс куэдкIэ къаруунышэу, дунейм щызэIэпах унафэхэм хамыгъэIэбэжыщэу щытами, иджы псоми зихъуэжащи, и хьэтыр къамылъагъуу идэнукъым. ЖытIэм и щыхьэту къытщохъу ФРГ-м Хьэуамрэ хымрэ тет и дзэхэм (ВМС) я унафэщI, вице-адмирал Шёнбах Кай-Ахим Индием къыщипсэлъахэр: «Сыт Урысейм Украинэм хуэдэ къэрал цIыкIунитIэ зэрищIынур? ЗыкIи хуейкъым ар абы. Путин Владимир зыхуейр зыщ - пщIэ зыхуригъэщIыну. Урысейм икIи пщIэ хуэфащэщ. Ар хэмыту дэ зыри тхузэфIэкIынукъым».

Адмиралыр ФРГ-м нэсыжыну хунэсатэкъым, Украинэм и лIыщхьэхэм я тхьэусыхафэхэр щыкIэлъысам. «Сэ псынщIагъ хэлъу сыпсэлъащ, - зрагъэумысащ «демократиер щытепщэ» къэралым и къулыкъущIэм. - Сэ жысIахэр къэралым и Iуэху еплъыкIэм техуэркъым». Ардыдэхэр жиIащ ФРГ-м и канцлер Шольц Олафи. Адмиралыр и IэнатIэм трагъэкIыну зрагъэлъэIури, ари къыхуащIащ. Шёнбах нэхъ хуамыгъэгъуа дыдэу къыжьэдэкIар сыт жыпIэмэ, Къырымыр Урысейм къыхэмыкIыжыну зэрыхыхьэжамрэ, езым и унафэм щIэмыт республикитI зиIэ Украинэр НАТО-м зэрыхэмыхьэфынум зэрытепсэлъыхьамрэщ.

Ираным и президент Раиси Ибрэхьим Мэзкуу щIышылэм и 19 - 20-хэм щыщыIам и щхьэ течыпауэ жиIащ УФ-м къыпэщIэува къэралхэм зи Iуэху зэрахуэр: «НАТО-м щхьэусыгъуэ гуэрхэр къигупсысурэ, я щхьэ хуитыж къэралхэм я щIыналъэхэм йохьэри, Iуэху шынагъуэхэр къегъэхъу, - жиIащ Раиси УФ-м и Къэрал Думэм къыщыщыпсалъэм. - Демократие щызекIуэ къэрал щхьэхуитхэм я хуитыныгъэм и нэщэнэхэм, къэрал хабзэм, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэм къадекIуэкI щэнхабзэм ебгъэрыкIуэныр и нэрыгъщ НАТО-м, езым зэрихьэр зэрыщыту пцIыщ. ГуващIэхами, щIэлъэлъэжынури аращ».

ГъэщIэгъуэнщ иджыблагъэ Хорватием къиIукIа хъыбархэри. Къэралым и президент Миланович Зорфан щIышылэм и 27-м хэIущIыIу ищIащ Урысеймрэ США-мрэ зэгурымыIуэфу щытмэ, Хорватиер НАТО-м къыхэкIыжынкIи зэрыхъунур. «Хорватием и армэм и унафэщIыр сэраци, тIасхъэщIэххэр игъэлажьэ зищIурэ, НАТО-м и кхъухьхэм кIуэ пэтми зэрызаригъэубгъум сыкIэлъоплъ. ЗыгуэркIэ зауэ зэпэщIэтыныгъэ къэхъумэ, Хорватием и дзэр абы химыгъэхьэну къудейкъым, зы сэлэт къимыгъанэу ириджэжынущ. Ди сэлэтхэм Украинэм щащIэн щыIэкъым».

КъыкIэлъыкIуэ махуэм утыку къихьащ Хорватием и премьер-министр Пленкович Андрей: «Президентыр апхуэдэу псэлъэн хуеякъым. Абы жиIахэм Хорватием и напэр трах». «Сэ Хорватием и президентым жиIапхъэр жысIащ, ауэ езыр Украинэм зэриагентыр IупщIщ», - пэджащ премьер-министрым президентыр.

А щыхьэт мащIэхэми къагъэлъагъуэу къытщохъу мамырыгъэм и уэчылу фэ зытезыгъауэ НАТО-м хэт къэралхэм я «демократиер» здынэсыр.

# Бэлыхь къызэрыкIа адыгэ псалъэжь



**Тыркум щыщ журналист Кабаш Сенеф къэралым и президент Эрдоган Реджеп зэригъэпудамкIэ ягъэкъуаншэу яубыдащ щIышылэм и 21-м.**

ИЛЪЭС 54-м ит Кабаш Сенеф щылажьэр къэралыгъуэм пэщIэту къалъытэ «Теле 1» каналращ. Тыркум и президент Эрдоган Реджеп тепсэлъыхьурэ, и псалъэхэр щIигъэбыдэжрэ пэт, журналистым жиIащ: «Псалъэжь цIэрыIуэ гуэр щыIэщ: «Тажым щхьэри Iущ дохъу». Ауэ дэ ди нэгу щIокI Iуэхур зэрыапхуэмыдэр. Пэж дыдэу, выр сэрейм щIэпшэ щхьэкIэ, ар пащтыхь хъуркъым, езы сэрейр бо мэхъу армыхъумэ».

Журналистым жиIам гу лъамытэнкIи хъунт, ар Кабаш Сенеф и Твиттер напэкIуэцIым кърымылъхьэжамэ. ИщхьэкIэ къэтхьа псалъэжьыр цIыхубзым абдежми кърихтащ. И лъабжьэм «адыгэ псалъэжь» жиIэри, кIэщIитхэжащ. «Адыгэхэм апхуэдэ псалъэжь фиIэ?» - жаIэурэ, тырку адыгэхэри зыбжанэрэ хагъэзыхьащ.

«Сэ зыми и напэ тесхын мурад сиIакъым», - жиIащ суд нэхъыщхьэм ирашэлIа, къуаншэу зыкъэзымылъытэж Кабаш Сенеф. Ауэ унафэ пыухыкIа ящIыху къаутIыпщыжын ядакъым.

«Журналистым къигъэлъэгъуар оппозицэм и Iуэху еплъыкIэкъым, атIэ акъылыншагъэрэ хьэлыншагъэрэщ, - жаIащ къэралым бжьыпэр щызыIыгъ, Захуагъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я партым щыщхэм. - Президентым и пщIэр щIыналъэми и пщIэщ!»

«Псалъэжь игу къэкIыжащ жыпIэу, цIыхур жэщым сыхьэтитIым и унэ къыщIэпшу щIэбгъэтIысын Iуэхушхуэтэкъым ар, - къыщхьэщыжащ и лэжьакIуэм «Теле 1» каналым и редактор нэхъыщхьэ Мердан Янардаг. - Апхуэдэ щIыкIэу журналистхэр ягъэшынэну хуейуэ аращ».

КъызэрыщIэкIымкIэ, Кабаш Седеф Эрдоган и цIэр зэригъэулъийм щхьэкIэ хабзэм етIуанэу ирашалIэ. 2019 гъэм ар мазэ 13-кIэ ягъэтIысауэ щытащ, ардыдэмкIэ ягъэкъуаншэу.

«Захуагъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я партым и унафэм щIэт судхэм Эрдоганрэ тырку къэралыгъуэмрэ я напэр тетхыу жиIэурэ, хьэпсхэм драдзэ, пэжым щошынэри, - жриIауэ щытащ абы щыгъуэм Кабаш Седеф «halk.tv» телеканалым. - Езы президентым къэралым и унафэм щIэт СМИ-хэм я процент 95-м я эфирым къыщыпсалъэурэ пцIы еупс».

Илъэситху иримыкъум къриубыдэу зы къуаншагъэкIэ хабзэм тIэунейрэ ирашэлIа цIыхубзыр тезыр нэхъ лъагэ дыдэм IэщIэкIыныр дзыхьщIыгъуэджэу къалъытэ. Тыркум и радиомрэ телевиденэмрэ я совет нэхъыщхьэм Кабаш Седеф щылажьэ «Теле 1» каналым и Iуэху кърихьэжьауэ, я лэжьыгъэм зэрыкIэлъыплъри абы и щыхьэтщ.

Журналистым къыщхьэщыжхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хохъуэ. Къэрал унафэм пэщIэт, Республикэм и лъэпкъ партым и унафэщI Кылычдароглу Кемали абыхэм ящыщщ. «Эрдоган и пщIэ ехуэхыр Кабаш Седеф игъэтIыскIэ къигъэщIэрэщIэжыфын и гугъэу аращ», - жеIэ абы. Езым илъэс блэкIам Тыркум и цIыхубэ зэхуэсым щыжиIам щхьэкIэ апхуэдэ тезыр тралъхьэри, доллар 3200-рэ ирагъэпшынауэ щытащ. Ахъшэр иужькIэ Университет фондым иратри, студентхэм я стипендием хагъэхьащ.

Тыркум ЮстицэмкIэ и министерствэм къызэрыщагъэлъагъуэмкIэ, 2020 гъэм и закъуэ къэрал лIыщхьэр зэрагъэпудам и щхьэусыгъуэкIэ хабзэм къиIэтащ Iуэху 31297-рэ. Псори зэхэту зэпкъраха Iуэху 7790-м япкъ иткIэ тезыр тралъхьащ цIыху 3325-м.

Эрдоган Реджеп къэралтет залымхэм хабжэркъым. Ататюрк Кемал и сурэтыр зи дапхъэм тет Кабаш Сенеф абы пэщIэзыгъэувэр къэралым диныр тегъэщIапIэ зэрыхуэхъур зыфIэмыфIхэрщ. Дауэ хъуами, адыгэ псалъэжьым и щхьэусыгъуэкIэ бэлыхь хэхуа бзылъхугъэм и Iуэхур Тхьэм зэтриухуэж.

## Хэт «ди лъахэгъухэм» хиубыдэр?



**Къэрал Думэм и депутат, УФ-м лэжьакIуэ къакIуэхэмрэ къэIэпхъуэжыпэхэмрэ я Iуэхухэр зезыгъакIуэ, Къэрал Думэм и УнафэщIым СНГ-м хэт къэралхэм я IуэхухэмкIэ и чэнджэщэгъу Затулин Константин и IэдакъэщIэкIщ «Хэкур егъэгъуэтыжынымкIэ хабзэм» и проектыр.**

УРЫСЕЙР зи Хэкуу щытауэ къэкIуэжыну хуейхэм ар тыншу къезыгъэхъулIэ апхуэдэ хабзэ гува-щIэхами пхамыгъэкIыу зэрымыхъунум, къэралым нобэр къыздэсым репатриацэм епха Iуэху зэфIэхыкIэ пыухыкIа зэримыIэм зэраныгъэу къишэм депутатыр щытепсэлъыхьащ «Комсомольская правда» газетым и редакцэм щита радио-интервьюм.

Путин Владимир Къэрал Думэм и пащхьэ дыгъэгъазэм и 30-м ирилъхьащ ипэрей «Махуэкухэм» я зым зи гугъу щытщIа, Къэралым къэIэпхъуэжынымкIэ хабзэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я проектыр. УпщIэу къэнар зыт: адыгэхэр хабжэну хабзэр тынш зыщащIыну «лъахэгъухэм»? А упщIэм и жэуапыр къыхощ Затулин Константин и псалъэхэм:

«Сыт хуэдизу пщIэ яхуэсщIми, си щхьэкIэ къыргъызхэри узбекхэри «ди лъахэгъухэм», нэгъуэщIу жыпIэмэ, УФ-р зи Хэкуу къэлъытапхъэхэм ящыщу сыбжыркъым. Абыхэм Узбекистан, Къыргъызстан къэралхэр яIэщ. Ар абыхэм я Хэкущ. Пэжщ, ахэр ди къэралым и цIыхуу щытащ зызэман. Хуит ахэр Урысейм къэIэпхъуэну жыпIэмэ, шэч хэмылъу, хуитщ. Ауэ «лъахэгъухэр» къызэрыIэпхъуэ хабзэмкIэкъым. НэгъуэщI IэмалкIэщ, нэгъуэщI гъуэгукIэщ зэрыхуитыр. «Ди лъахэгъухэм» яхеубыдэ урысхэр, дэнэ щыпсэуми, ди лъахэгъущ тэтэрхэр, якутхэр, адыгэхэр... Ахэр иджырей Урысей Федерацэм фIэкIа нэгъуэщI щIыналъэ псэупIэу зимыIахэращ. Езыхэм я Къыргъызстани, Узбекистани яIэкъым абыхэм».

КъулыкъущIэм и псалъэхэр я гуапэ хъуну къытщохъу Хэкужьым къэIэпхъуэжыну зи мурад, ауэ а Iэмалыр зэгъэгъуэтыгъуейуэ къызыщыхъу ди лъэпкъэгъухэм.

«*Махуэкум*» *и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

## Дин щIэныгъэм и хэщIыныгъэ

**Адыгэ дин щIэныгъэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. ЩIышылэм и 30-м дунейм ехыжащ Сирием къыщыхъуа икIи щыпсэуа дин узэщIакIуэ, егъэджакIуэ Джэудэт Сэхьид.**



ЦЕЙ (Джэудэт) Сэхьид Мухьэмэд и къуэр Сирием хыхьэ Джолан Iуащхьэм и Iэгъуэблагъэм ит Бираджэм адыгэ къуажэм дэс абэзэхэ унагъуэм дунейм къыщытехьащ 1931 гъэм щIышылэм и 31-м. ПэщIэдзэ дин щIэныгъэр КъунейтIрэ щызригъэгъуэта нэужь, Джэудэт Сэхьид 1958 гъэм щIэтIысхьащ Мысырым щыIэ Iэл-Iэзхьэр университет цIэрыIуэм. Хьэрыпыбзэмрэ егъэджэныгъэмкIэ IэщIагъэлI хъуауэ, абы щалъхуа щIыпIэм игъэзэжри, илъэс куэдкIэ егъэджакIуэ IэнатIэм пэрытащ, бжьэ игъэхъуу, щIым телэжьыхьу, щIалэгъуалэр къепщIэкIауэ псэуащ. Дунейпсо цIэрыIуагъэ щIэныгъэлIым къезытар диныр зи тегъэщIапIэ и гупсысэхэрщ, псом хуэмыдэу, «ем екIэ пэувыжыпхъэкъым» жызыIа Ганди Махатмэ, Икъбал Мухьэмэд сымэ хуэдэ гупсысакIуэхэм я акъылэгъуу зэрыщытамкIэщ, а Iущыгъэр щиукъуэдия и IэдакъэщIэкIхэмрэ утыку псалъэхэмрэщ.

1966 гъэм щегъэжьауэ зэбгрыкIын щIадзащ Джэудэт Сэхьид и лэжьыгъэхэм. 1980 гъэ лъандэрэ абы и тхылъ 12 тыркубзэкIэ зэрадзэкIащ. 1987 гъэм щегъэжьауэ дин къыхуеджэныгъэ IуэхукIэ Джэудэтыр щыIащ Сауд Хьэрыпым, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Алжирым, Ливаным, Катарым, Бахърейным, Мароккэм, Ираным, США-м, Канадэм, Германием, Франджым, Бельгием, Италием, Урысейм...

Сирием къыщыхъея зауэр езыр зыдэс къуажэм къэса нэужь, 2012 гъэм Джэудэт Сэхьид и унагъуэр и гъусэу Истамбыл Iэпхъуащ. Тыркум щыIэху щIэныгъэ конференц 80-м нэс иригъэкIуэкIащ.

«Адыгэ Ганди» зыфIаща узэщIакIуэр Къэбэрдей-Балъкъэрми къакIуэри, муслъымэнхэм яхуэзауэ щытащ. ЩIэныгъэлIыр щыщIалъхьащ Истамбыл дэт КъараджэIэхъмэт кхъэлъахэм. ЖэнэткIэ Алыхьым игъэгуфIэ!

## Псэ зыIут къыщалъыхъуэ



**Австралием ЩIэныгъэмрэ абы и гуэдзэн унэтIыныгъэхэмкIэ и къэрал зэгухьэныгъэм (CSIRO) хэт щIэныгъэлIхэм хьэршым техноген дамыгъэ къыщылъыхъуэнымкIэ зэхагъэува проектым хыхьэу, уафэ жыжьэм щыIэ, вагъуэ мелуани 10-м нэблагъэ зыхиубыдэ Парус зи фIэщыгъэ «цIуугъэнэ» гуэрэн абрагъуэм лъэныкъуэкIэ къыщыт и Iэгъуэблагъэр а къэралым щызэпкъралъхьа MWA (Murchison Widefield Array) радиотелескоп лъэрызехьэмкIэ къаплъыхьащ.**

ДЫЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬ Iэшэлъашэм «нэрыплъэ» телъыджэмкIэ мелуан бжыгъэу къыщыпхузэщIэубыдэну «цIуугъэнэ цIыкIухэм» я гугъу дымыщIми, абджынэ лъэпкъ хэмытрэ дэIэпыкъуэгъуншэу уи нэхэмкIэ плъагъуну вагъуэхэри мащIэкъым - ахэр, псори зэхэту, 195-рэ мэхъу.

MWA Iэмэпсымэр, вагъуэ мелуанхэм къадз нурыр зэзэIухыгъуэу уи нэгу къыщIэзыгъэувэ телескоп гъуэзэджэр, мызыгъуэгум къэзыгъэсэбэпахэм мурад нэхъыщхьэу яIар хьэршым а и къуапэу зыкIэлъыплъам псэ зыIут гуэрхэм (нэгъуэщI планетэхэм щыIэ цивилизацэхэм) къраутIыпщыкIагъэнкIэ хъуну сигналхэм гу лъатэнырщ.

«Зи гугъу тщIы лэжьыгъэм дыхэту зэ плъэгъуэкIэ къытхузэщIэубыдар хуэдищэкIэ нэхъыбэщ нэхъапэхэм, апхуэдэ щIыкIэм дытету, тхузэфIэкIам нэхърэ. ИтIани, къыжыдмыIэнкIэ Iэмал зимыIэщ, Парус зи фIэщыгъэ вагъуэ зэрыбын абрагъуэм сыхьэт 17-м и кIуэцIкIэ дыкIэлъыплъати, хьэршым а и къуапэм псэ зыIутхэм къраутIыпщыкIауэ техносигнатурэ гуэри къызэрытхуэмыубыдар, - къыщыхагъэщащ Publicationsof the Astronomical Societ of Austcralia журналым щIэныгъэлIхэм къыщытрадза я тхыгъэм.

Арщхьэкlэ, еджагъэшхуэхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, зыпэплъа сигналхэм хуэдэ мызыгъуэгум къазэрыIэрымыхьар щыхьэт хъуфынкIэ мащIэщ уафэ жыжьэу зыкIэлъыплъам и Iэгъуэблагъэм псэ зыIут гуэри щымыIэу къибгъэкIынымкIэ. Сыту жыпIэмэ, япэ дыдэрауэ, хьэршым а и Iэшэлъашэм цIыхухэм ещхьу гупсысэ лъагэ зиIэу щыпсэункIэ хъунухэм къамыгъэсэбэпынкIэри хэлъщ дэ дызэсэжа FM-диапазоным хыхьэ радиосыджхэм хуэдэхэр.

«Къищынэмыщlауэ, мызэкIэ дызыкIэлъыплъа хьэршым а и къуапэр нэхъапэхэм зызыхуэдгъазэу щытахэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ инми, абырэ ар зыхиубыдэ Шыхулъагъуэ галактикэмрэ, вагъуэ меларди 100-м къыщыщIэдзауэ 400-м нэблагъэ зыхэтымрэ, зэрызэбгъапщэ хъунур псыгуэн къызэрыгуэкIыр здэщыт щIыпIэмрэ ди планетэм и хыпс псоми, зэхэлъхьэжауэ, къызэщIаубыдэ щIыгумрэ, я инагъ-цIыкIуагъкIэ, зэрызэтемыхуэм хуэдэущ, - щыжеIэр зи гугъу тщIа тхыгъэм ар зи къалэмыпэ къыщIэкIахэм ящыщ астрофизик Тингрей Стивен. - Абы щыгъуэми дэщIыгъужыпхъэщ, нэгъуэщI планетэхэм щыIэу зыхуэдгъэфащэ цивилизацэхэм, зыкъытпащIэн папщIэ, дызыщымыгъуазэ Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпынкIэ хъунури».

АтIэми, вагъуэхэм якIэлъыплъ астрономхэм я дежкIэ, алъандэрэ къахуэмылъагъуу щыта сигнал цIыкIухэми дяпэкIэ гу лъатэнымкIэ, хэкIыпIэфIу къыщIэкIынкIэри хэлъщ (тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIхэм къызэралъытэмкIэ) SKA (Square Kilometer Array) зи фIэщыгъэу иджыблагъэ зэпкъралъхьа радиотелескопыщIэри.

«SKA Iэмэпсымэм дэ Iэмал къыдитыну дыщогугъ вагъуэ зэрыбын абрагъуэхэу иджыри къыздэсым дыздэмыплъысыфахэм къикIынкIэ хъуну техносигнатурэхэм гу ялъыттэн и лъэныкъуэкIэ», - дыщIигъужащ Тингрей Стивен.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Тхылъхэм кIуэдыпIэ яIэкъым

**Илъэс зыбжанэ хъуауэ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм итщ гъущIым къыхэщIыкIа тхылъ дэлъхьэпIэу тIу. Ар зи жэрдэмкIэ ягъэувар Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхылъеджэхэм я зэгухьэныгъэрщ. ЗэрыщIымахуэми емылъытауэ, тхылъ дэлъхьэпIэхэр зэи нэщI хъуркъым.**

ГЪУЩI шкафым къыщыбгъуэтынущ дунейпсо классикхэм къыщыщIэдзауэ ди щIалэгъуалэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм щиухыжу, жыпIэнумэ, щIэджыкIакIуэм къилъыхъуэнкIэ хъуну куэд. ТелъхьэпIэхэм къыщыбогъуэт сабий садхэм, школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщрагъаджэу щыта тхылъхэри.

Мы махуэхэм къытралъхьахэм сахэплъэну жьыуэ сыздэкIуам, къэзгъуэтащ Совет Союзым хыхьэу щыта къэрал псоми ятеухуа тхыгъэ хьэлэмэтхэр зэрыт, сурэт дахащэхэмкIэ гъэщIэрэщIа альбомышхуэ. Ар нэмыцэбзэкIэ тхащ, къыщыдэкIар СССР-м хуэдэ къабзэу нобэ щымыIэж ГДР къэралырщ. Тхылъым пэублэ хуащIар Кавказым щыпсэу лъэпкъхэрщ: я щэнхабзэ, я псэукIэ, я IэдакъэщIэкIхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызолъыхъуэ... Iуащхьэмахуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэт зи унафэщIу щыта Аргудан къуажэм и колхозым и гуэдз хьэсэ гъунапкъэншэхэр, къуршым мэл гуартэшхуэхэр щызыгъэхъу балъкъэрхэр, Налшык дэт IэфIыкIэ фабрикэм и цехышхуэхэр... соплъ сфIэтелъыджэу ди блэкIам, ди тхыдэм. НапэкIуэцIым IупщIу къощ лэжьакIуэхэр. Абыхэм ящыщ иджыри псэууэ къыщIэкIынри зыхуаIуа щыIэкъым, къэрал жыжьэм къыщыдагъэкIа альбомым я сурэтхэр зэритам зыри хамыщIыкIыу. Ар абы нэс къизышари нобэм къэс зыхъумари сыткIэ пщIэн...

Абы къыбгъэдэлъщ сабий щыгъын дыкIэм ухуезыгъасэ методикэ лIэужьыгъуэу тIу. Ахэр Москварэ Ленинградрэ 1966 гъэм къыщыдэкIащ. Тхылъхэр щIэщ, я щIыбагъым уасэхэри тетщ - кIэпIейкIэ 25-рэ... Ди анэхэм къадекIуэкIа тхылъщи, зэпэсплъыхьын къудейм дэрэжэгъуэ къызет, зэи а псом къызэрытримыгъэзэжынум тIэкIуи сринэщхъейуэ. Аракъэ тхыдэ фэеплъ жыхуаIэр. Ахэр псори зыгуэрхэм я унагъуэ библиотекэм хэлъащ, яхъумащ. АдэкIэ гъащIэ яIэнуми зэлъытар ахэр къэзыщтэ цIыхухэрщ. Апхуэдэ тхылъ дэлъхьэпIэхэр щагъэуващ Налшык и «Оазис» сату щапIэшхуэми. Ахэр нэхъыбэу зытеухуар ди лъэпкъ тхыдэрщ. ЛэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ цIыхухэр яфIэфIу хоплъэ, къащтэ, пIалъэм тету къахьыж. ФIыщIэ лей яхуэфащэщ тхылъ зэхуэхьэсыпIэр зыгъэувахэми тхылъхэр зи унэ къизыхыу цIыхухэм папщIэ къэзыхьхэми.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

